



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEPATMAN SANTE ETA AP VOYE EKIP NAN BRONX POU TESTE BAKTERI LEJYONÈL

Anons ki te swiv reyinyon enfòmasyon ki te fèt nan Biwo Gouvènè a nan Vil New York avèk ofisyèl yo ki soti nan CDC ak Depatman Sante Lokal nan NYS

Sou demann Gouvènè a, CDC te deplwaye anplwaye nan New York pou ede ofisyèl lokal ak eta nan fè koleksyon echantiyon ak tès

Komisyònè Sante Eta ap revize règleman ki egziste deja pou posib amelyorasyon ki te kapab anpeche pou menm epidemi an pa rive ankò nan lavni

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke, apati demen; ekip yo ke Depatman Sante Eta ap dirije pral deplwaye nan Bronx pou akselere koleksyon tès ak echantiyon dlo ki soti nan pilòn refwadisè è-kondisyone yo pou bakteri Lejyonèl. Sa a te swiv anons yè a ke eta ap fè tès gratis pou pwopriyetè bilding ak operatè yo avèk pilòn èkondisyone oswa inite kondansatè evaporativ ki kapab sous bakteri a, ansanm avèk de liy telefòn dirèk (888-769-7243 oswa 518-485-1159) pou sipòte koleksyon echantiyon an. Sou demann Gouvènè a, Komisyònè Sante Eta Dr. Zucker pral egalman egzamine règleman sante aktyèl yo ak posib amelyorasyon pou ede anpeche ke menm epidemi an pa rive ankò nan lavni.

Anons jodia te vini anvan yon reyinyon enfòmasyon ki te fèt nan Biwo Gouvènè Cuomo nan Vil New York ant reprezantan yo nan Sant pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi, Depatman Sante Eta ak depatman sante lokal yo nan eta.

“Kòm ofisyèl yo ap travay pou kontwòle epi konbat epidemi maladi Lejyonè jodia, nap pran pwochen etap pwo-aktif pou pwoteje Nouyòk yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nap travay pou trete viktim yo epi mete fen nan pwopagasyon epidemi an, pandan egalman nap pran prekosyon pou kenbe sante piblik nan lavni. Mwen vle remèsye Direktè CDC Dr. Frieden pou sipò rapid li, ansanm avèk tout patnè nou yo nan CDC, Vil New York ansanm avèk lòt depatman sante lokal yo pou kowòdinasyon ak koperasyon yo. Finalman, mwen voye panse ak priyè m bay tou moun yo ki te afekte pa maladi lejyonè, e mwen voye senpati pou moun yo ki te pèdi yon pwòch nan maladi terib sa a.”

Komisyonè Sante Eta Dr. Howard Zucker te deklare, “Sa a se yon sityasyon pou tout moun mete men e nou bezwen tout patnè nou yo nan tout nivo nan gouvènman pou ede adrese sityasyon an. Nou te fenk fin fè yon reyinyon pwodiktif avèk kèk nan komisyonè sante konte yo ki soti toupatou nan eta, e mwen ta renmen remèsye yo ansanm avèk patnè nou yo nan CDC paske yo te vini ansanm pou ede nou konbat epidemi sa a. Mwen kwè etap ke nap pran yo esansyèl e li pral sovgade sante piblik la.”

Aprè yon konvèsasyon ant Gouvènè a ak Direktè CDC Dr. Thomas Frieden, CDC te deplwaye yon ekip nan Vil New York pou ede nan efò pou konbat epidemi aktyèl maladi lejyonè. Dr. Claessa Lucas nan National Center pou Maladi Respiratwa ak Iminizasyon [Immunization and Respiratory Diseases (NCIRD)] ak Dr. Jasen Kunz nan Sant Nasyonal pou Sante Anviwonmantal (NCEH) alatèt ekip sa a.

Ofisyèl lokal yo ki te patisipe nan reyinyon an avèk Dr. Lucas, Dr. Kunz ak Dr. Zucker te gen ladann:

- Komisyonè Sante Konte Westchester Dr. Sherlita Amler
- Komisyonè Sante Vil New York Dr. Mary Bassett
- Komisyonè Sante Konte Erie Dr. Gale Burstein
- Komisyonè Sante Konte Nassau Dr. Lawrence Eisenstein
- Direktè Sante Konte Cortland Dr. Catherine Feuerherm
- Komisyonè Sante Konte Suffolk Dr. James Tomarken
- Komisyonè Sante Konte Albany Dr. Elizabeth Whalen

Yè, Gouvènè Cuomo te [anonse](#) ke Depatman Sante Eta ap fè tès Lejyonèl gratis pou pwopriyetè bilding, operatè, manadjè ak pwopriyetè bilding yo avèk pilòn refwadisè èkondisyone oswa inite kondansatè evaporativ ki kapab sous bakteri a.

Gouvènè a egalman te mete liy telefòn Eta disponib nan fason pou plis fasilite ke ofisyèl Eta yo fè tès yo. Nimewo telefòn sa yo se 888-769-7243 ak 518-485-1159, e yo disponib pou pwopriyetè bilding ak operatè yo gratis. Operatè fòmè ap disponib lendi jiska vandredi de 8:30am jiska 4:30pm. Liy telefòn sa yo fèt pou sipòte koleksyon echantyon, sa ki pral fasilite Depatman Sante pou fè tès yo. Si ou bezwen swen medikal, rele founisè swen sante w oswa 9-1-1 touswit.

Pwopriyetè bilding, operatè, manadjè ki ta vle fè tès pou lejyonèl ta dwe voye non ak adrès kote yo dwe voye twous la pa lapòs, ak yon nimewo telefòn ki fonksyone nan: Legionella@health.ny.gov. DOH ap voye twous echantyon avèk enstriksyon senp pou kolekte echantyon an.

Maladi lejyonè pa pwopaje de moun-a-moun. Lejyonèl egziste natirèlman nan dlo tè ki imid e yo jwenn li nan rivyè ak etan, rezèvwa dlo cho, dlo nan pilòn èkondisyone ak kondansatè evaporativ, ansanm avèk tè agrikòl nan sit fouy yo – men konsantrasyon elve bakteri a ka danjere. Antretyen komsadwa ak dezenfeksyon woutin nan pilòn èkondisyone yo ka ede diminye prezans lejyonèl epi redwi risk ekspozisyon pou piblik la. Byenke kèk nan ti bilding yo ka gen inite nan kalite sa a, pilòn èkondisyone ki baze sou dlo, yo jwenn li jeneralman nan gwo sit endistriyèl, komèsyal ak rezidansyèl ki elve

yo.

American Society of Heating, Refrigeration and Air Cooling Engineers (ASHRAE) pa twò lontan de sa te pibliye nouvo gid ke pwopriyete kay yo ta dwe swiv. Wap jwenn enfòmasyon anplis sou maladi lejyonè ki soti nan DOH [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418